Маршо Радио

КЕРЛАНАШ

# Дагестанера ОНК-н куьйгалхочо критика йина Астраханехь шен махкахо лацарна

Мангал-бутт 04, 2026




Гайтаман сурт

Дагестанера Йукъараллин тергамчийн комиссин куьйгалхочо Хадулаев Шемала критика йина меттигера вахархо, автоблогер волу Магомеддибиров Магомеддибир лаьцна латторна. Некъаца хилла дов бахьана долуш чохь валлош ву иза. Цунна набахтехь даккха пхи шо хан тоха тарлуш ду, Магомеддибировна дуьхьалваьлларг дуьххьара цунна ницкъбинарг воллушехь. И дерриг а видео тІехь гуш ду.

"Астраханан кІоштара полисхошна хаьий-те, 2026-гІа шо перзиденто Оьрсийчохь "Оьрсийчоьнан халкъийн цхьааллин шо" ду аьлла, дІакхайкхиний. Йа вайлахь къаьмнаш ду-те, гІуллакх мухха нисделлехь а, бехкедолуш, и цхьаала царах хьакхалуш йац? Талламан комитетан куьйгалхочуьнга Бастрыкин Александре лупа хІунда ца йоьху аша, тІаккха гур дара шуна, мила хьанна тІелетира", - дІахьедина Хадулаевс.

Цуьнан хаамашца, Магомеддибировн хьокъехь беш хилла талламаш дIабирзина, хIинца цуьнан материалаш прокурорехь йу.

Астраханехь вехаш волу Дагестанера орамаш долу автоблогер лецира 2025-чу шеран дечкен-баттахь. Иза бехкевина гандболан тренерна Заикин Георгийна тIелетта аьлла. Оцу йукъанна дов иккхинчу заманчохь дIайазйинчу видео тIехь гуш ду, Закин хьалхха лата волавелларг вуй. Цул тIаьхьа Магомеддибиров полици ваханера цунна дIахьедан, чоьхьарчу гIуллакхийн декъера дIа иза дарбанан цIийне вигира, хье-туьта лазийна хиларна. Амма дукха хан йалале иза лаца баьхкира дарбанан цIийне. Гандболан тренеро цунна дуьхьал дIахьедар чу делла хиллера.

- ХIинжа-ГIалахь кхело йалх шо хан кхайкхийра чохьрчу гIуллакхийн министраллин декъан кхаа белхахочунна, полицин декъехь Украинехь бинчу тIеман ветеран валарца доьзна. ВоьалгIа бехкевинарг а тIамтIе хьажийнера, цигахь иза кхелхира.
- Дагестанерчу Буйнакскан кIоштарчу полисхойн декъехь хеттарш динчул тIаьхьа велира ницкъахошна герз деттарна бехкевийриг а, оцу инцидентан теш хилларг а. Талламо гIуллакх луьстуш ду, чIагIдо республикерчу Юкъараллин тергамчийн комиссин куьйгалхочо Хадулаев Шемала. Лецначара хьалхо масийттазза латкъамаш бира цигахь Iазап латтош хиларх лаьцна.

Радио Маршо - Instagram | Радио Маршо - YouTube | Радио Маршо - Facebook

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю